

Bahasa Sunda

Nama	:	
Kelas	:	2 KH Baedhowie
Hari, tanggal	:	Kawih jeung latihan soal

URAIAN MATERI

A. Kawih

Klik video ieu di handap jeung nirukeun kawih bari di video

Paciwit-ciwit Lutung
Paciwit-ciwit lutung
Si Lutung pindah ka tungtung
Paciwit-ciwit Lutung
Si lutung pindah ka luhur ...

B. Tandaan ku cakra (X) dina aksara a, b, atawa c di hareupeun jawaban nu bener!

Soal no 1 – 4 dumasar kana ieu carita paguneman.

Lotek

Ujang : “Bade ka mana Ima?”

Ima : “Bade ka warung Ceu Tuti!”

Ujang : “Bade ngagaleuh naon kitu?”

Ima : “Bade meser bahan lotekkeun!”

Ujang : “Naon bae bahan lotekkeun teh?”

Ima : “Rupi-rupi, nu pokokna mah sayuran, goreng tahu, leupeut, samarana goring suuk, cikur, bawang bodas, cengek, sareng nu sanesna.”

Ujang : “lengkepnya lotek mah, sagala rupi aya!”

Ima : “Nya muhun, sareng deui lotek mah matak sehat sareng seuer gizina!”

Ujang : “Langkung sae deui pami diteraskeun ku nuang bungbuahan nya?”

Ima : “Tos pasti atuh eta mah, siip we lah, eh hayu ah bilih kabujeng siang manten!”

Ujang : “Oh muhun, sok manga-mangga!”

1. Saha nu bade ka warung teh?
 - a. Ujang
 - b. Ima
 - c. Ceu Tuti
2. Bade meser naon ceunah ka warung teh?
 - a. Bahan sayureun
 - b. Bahan lotekkeun
 - c. Bahan gorenggeun
3. Naon wae samara lotek teh?
 - a. Sayuran, goreng tahu, leupeut
 - b. Goreng suuk, cikur, bawang bodas, cengek
 - c. Sayur-sayuran, goreng suuk, cengek
4. Supados langkung sae kedah diteraskeun nuang naon ceunah?
 - a. Bungbuahan
 - b. Sayur-sayuran
 - c. Goreng tahu
5. Karya sastra wangun puisi anu kaasup bagean tina hasanah sastra Sunda nyaeta...
 - a. Pupuh
 - b. Paguneman
 - c. Dongeng
6. Pupuh pucung boga watek ngagambarkeun..... ka diri sorangan
 - a. Rasa ambek
 - b. Bungah
 - c. Nelangsa
7. Hidep :
 Neni : “Wasta abdi Neni”
 Kalimah nu cocog pikeun paguneman di luhur nyaeta...
 - a. “Saha didinya?”
 - b. “Saha ngaran maneh?”
 - c. “Saha name teh?”
8. Sangkan bisa wanoh jeung boga loba babaturan, urang kudu... jeung batur
 - a. Babagi
 - b. Ngajak
 - c. Wawanohan


Pek baca carita ieu di handap pikeun ngajawab soal nomor 9 - 12

Panon poe caang. Rupa-rupa sasatoan katempo hanaang, nareangan cai keur nginum. Sakadang sireum indit ka hiji susukan. Ku lantaran rusuh sakadang sireum tikoleded. Tikecebur kana susukan. Maranehanana teu bisaeun ngojay.

Ngadenge aya nu menta tulung, sakadang piit reuwaseun. Tuluy manehna neangan sora nu menta tulung tea. “Tulung . . . tulung kuring, Piit . . . !” ceuk sakadang sireum beuki tarik. Sakadang piit ningali sakadang sireum nu keur palid dina susukan. Ku lantaran karunyaen, sakadang piit nulungan sakadang sireum. Carana muragkeun dangdaunan nu aya dina tangkal cereme.

9. Saha nu menta tolong?
 - a. sireum
 - b. piit
 - c. bangkong
10. Kunaon bet tikecebur kana susukan ?
 - a. Hoyong ngojay
 - b. Tikolesed lantaran rusuh
 - c. Neangan cai keur nginum
11. Kumaha carana nulungan dina carita?
 - a. Menta tulung
 - b. Muragkeun dangdaunan
 - c. Muragkeun cai
12. Naon pesan tina carita diluhur?
 - a. Tong rusuh
 - b. Menta tolong sing tarik
 - c. Kudu saling tulungan
13. Kalimah nu ngagunakeun tanda titik kalawan bener nyaeta...
 - a. Dini, calikna sareng sita.
 - b. dini calikna. Sareng sita.
 - c. Dini calikna sareng Sita.
14. Kalimah nu ngalarapkeun aksara kapital kalawan bener nyaeta...
 - a. Bu Dadah ngawulang di SD Panorama II.
 - b. Bu Dadah ngawulang di Sd panorama II
 - c. Bu Dadah ngawulang di sd Panorama II.

Soal no 15 – 17 dumasar kana ieu carita paguneman.



15. Bahasa lemesna nomor 1 nyaeta...


- a. Taar
- b. Halis
- c. Kening

16. Bahasa lemesna nomor 2 nyaeta...

- a. Waos
- b. Cepil
- c. Lambey

17. Bahasa lemesna nomor 3 nyaeta...

- a. Waos
- b. Cepil
- c. Lambey



18. Lemesna nyaeta...

- a. Angkeut
- b. Rema
- c. Sampean

19. Rima bade ngajak adek maen congklak.

Kalimah pangajak nu cocog nyaeta...

- a. Kak rima maen congklak yuk!
- b. Dek urang maen congklak yuk!
- c. Moal ah, abdi bade maen bal

20. Kalimah nu ngajawab pangajak ieu dihandap nyaeta...

- a. Hayu urang ameng di lapang!
- b. Urang meuli jajan yuk!
- c. Hayu atuh urang geura maen!